

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dumasar tina hasil analisis jeung déskripsi data, dina ieu bab dipidangkeun kacindekan , jeung saran.

5.1 Kacindekan


Ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun adegan pragmatis kalimah pananya dina kumpulan carita pondok *Ajalna Sang Béntan Pilem* karangan Duduh Durahman, anu ditilik tina jihat katégori, adegan, ma'na jeung tahapan pragmatis. Hasil tina panalungtikan bisa diébréhkeun ieu di handap.

- a. Kalimah pananya nya éta kalimah anu di paké pikeun nanyakeun hiji hal sarta miharep tanggapan anu mangrupa jawaban.
- b. Tina hasil analisis kapanggih aya 346 kalimah pananya anu bisa disawang tina adegan, ma'na, jeung tahapan pragmatisna.
- c. Disawang tina adegan pragmatisna, kapanggih aya lima pola kalimah pananya, nya éta:
 - a. pola Kal Pany: Kp+C+Tnd Pany aya 143 kalimah (41,3 %)
 - b. Pola kal Pany : C+Kp+Tnd Pany aya 29 kalimah (8,4 %)
 - c. Pola kal Pany :C+Kp+C+Tand Pany aya 12 kalimah (3,4%)
 - d. Pola Kal Pany min: Kp+Tnd Pany aya 39 kalimah (11,2 %)
 - e. Pola Kal Pany tan Pany: Kal War +Tnd Pany aya 123 kalimah (35,5%)

- d. Disawang tina ma'na pragmatisna kapanggih aya 14 ma'na kalimah pananya, nya éta (1) pananya 'kaayaan' aya 58 kalimah (16,7%), (2) pananya 'waktu' aya 9 kalimah (2,6%), (3) pananya 'negeskeun' aya 107 kalimah (30,9%), (4) pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis 'tempat' aya 17 kalimah (4,9%), (5) pananya 'rasa' aya 26 kalimah pananya (7,5%), (6) pananya 'tindakan/paripolah' aya 13 kalimah pananya (3,7%), (7) pananya 'sabab' aya 33 kalimah pananya (9,5%), (8) pananya 'cara' aya 19 kalimah pananya (5,4%), (9) pananya 'asal' aya 10 kalimah pananya (2,8%), (10) pananya 'golongan' aya 34 kalimah pananya (9,8%), (11) pananya 'babandingan' aya sakalimah pananya (0,2%), (12) pananya 'penilaian/ meunteun' aya 2 kalimah pananya (0,5%), (13) pananya 'hal' aya 9 kalimah pananya (2,6%), (14) pananya 'jumlah' aya 8 kalimah panananya (2,3%)
- e. Disawang tina tahapan pragmatisna kapanggih aya tilu rupa kalimah pananya nya éta, kalimah pananya lemes aya 100 kalimah (28,9%), kalimah pananya sedeng aya 178 kalimah (51,4%), jeung kalimah pananya kasar aya 58 kalimah (16,7 %).

Bisa diébréhkeun yén kalimah pananya téh umumna dicirian ku ayana kecap pananya jeung tanda pananya, najan kitu kapanggih aya kalimah pananya anu teu maké kecap pananya tapi dicirian ku tanda pananya contona dina kalimah *Bijilna tina sela-sela cadas?* (RDLK/71/3/7. Ku kituna aya tilu rupa kalimah pananya nya

éta (1) kalimah pananya lengkep, (2) kalimah pananya teu lengkep, jeung (3) kalimah tan kecap pananya siga bagan ieu di handap.



Jadi dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman, kapanggih aya 5 pola kalimah pananya, 14 ma'na kalimah pananya jeung 3 tahapan pragmatis (Tingkat Tutur) kalimah pananya.

5.2 saran

Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan adegan pragmatis, ma'na pragmatis, jeung tahapan pragmatis kalimah pananyana wungkul. Aya sawatara hal anu masih aya patalina jeung kalimah pananya anu can ditalungtik di antarana ngeunaan déskripsi kalimah pananya anu can dipatalikeun kana bahan pangajaran, jaba ti éta sumber datana kakara ragam tinulis. Ku kituna, dipiharep aya panaluntikan séjén anu ngagarap pangajaran kalimah pananya kalayan sumber data anu lengkep, boh lisan boh tinulis.